



ELIGIBILITE POU TRANSPÒTASYON

- Pasyan yo dwe fin itilize tout lòt mwayen transpò medikal kominotè yo anvan yo itilize sèvis nou an.
- Pasyan an dwe kapab monte epi desann nan machin lan san ed pesonn, oswa li dwe akonpaye pa yon manm nan fanmi li, yon gadyen oswa yon asistan medikal pou ede li.
- Randevou pou transpò yo dwe konfime oswa anile omwen 48 èdtan anvan lè transpò a ta dwe vini. Rele oswa voye tèks nan (410) 548-2471



SEVIS TRANSPÒTASYON

Nou bay transpò ki pa ijan pou pasyan CHC ki elijib yo pou ale ak soti nan randevou ak dokte kap ba yo swen Chesapeake Health Care yo.



NOU PA VLE OU RATE RANDEVOU OU

Nou vle asire ke ou ka rive nan randevou ou yo pou resevwa swen ou bezwen an! Nou ofri transpò ki pa ijan pou pasyan nou yo ki pa gen okenn lòt mwayen pou ale nan randevou yo ak dokte nou yo Chesapeake Health Care tankou:

- Medsin pou Adilt
- Pedyatri
- Dantis
- Sante
- OB/GYN
- Mantal

KONTAKTE NOU NAN

CHESAPEAKE HEALTH CARE
Depatman Transpòtasyon

transportation@chesapeakehc.org
Rele oswa voye yon tèks nan Liy
Transpòtasyon nou an: (410) 548-2471

REZEVASYON TRANSPÒ

- Lè biwo a mete randevou ou a pou ou, tanpri asire w ke yo tou mete yon randevou pou transpò pou ou.
- Toujou fe klinik lan ak Depatman Transpòtasyon a konen nenpòt chanjman nan adrès ou oswa nimewo telefòn ou.
- Si ou anile randevou ou a, tanpri tou kontakte Depatman Transpòtasyon pou ka anile vwayaj ou a.



SEVIS TRANSPÒTASYON



KONFIME VWAYAJ OU

- Depatman Transpòtasyon CHC ap konfime vwayaj ou a 2 jou anvan randevou ou a atravè yon apèl oswa yon tèks mesaj.
- Si ou pa konfime randevou ou a, yo riske anile vwayaj ou a.
- Lè yo pwograme pou yo vini deye'w la se yon estimasyon. Tanpri, prepare w 10 minit anvan epi prepare w pou tann 10 minit apre lè ou te planifye pou yo vin deye'w la.
- Pasyan ki rate transpo yo te pwograme pou yo plis pase 2 fwa ap pedi itilize sèvis transpò nou an pandan 12 mwa.

CHESAPEAKE HEALTH CARE LA POU OU!

Chofè jantiy nou yo la pou ede ou rive ak soti nan randevou Chesapeake Health Care ou yo.

Nou kapab ba ou transpò pou ale nan randevou ou yo siw fe tout mwayen posib pou jwenn moun baw woulib pou ka vin nan randevou'w yo epiw pa jwenn.

Nou sèvi pasyan Chesapeake Health Care ki rete nan Konte Wicomico, Somerset, oswa Worcester.



www.ChesapeakeHC.org